

# PREPARASYON AK REPOSNS POU TANPÈT

Liy Enfòmasyon sou Èd Eta a bay 1-800-342-3557  
FloridaDisaster.org

## DLO PUI KI PRIVE

### Pandan Inondasyon

Si dlo ki nan kanal yo antre nan pui ou an, dlo ou a kapab vin gen kèk bakteri patojèn ki fè li pa bon pou bwè.

Depatman Sante Florida a rekòmande ou fè YOUN nan sa ki vin apre yo:

- 1** Bouyi dlo tiyo a epi kite li bouyi fò pandan omwen yon minit. Kite li frèt anvan ou itilize li.
- 2** Ajoute uit (8) gout dlo klowòks òdinè ki pa gen sant (4-6% konsantrasyon) nan chak galon dlo tiyo pou ou dezenfekte li. Si ou itilize yon dlo klowòks ki fò anpil (8.25%), ajoute sèlman sèt (7) gout dlo klowòks. Melanje solisyon an epi kite li poze pandan 30 minit. Si dlo a twoub apre 30 minit, refè pwosesis la yon lòt fwa ankò. Si dlo a toujou twoub apre ou fin trete li dezyèm fwa a, jete li epi rekòmanse pwosesis la, OSWA itilize dlo nan boutèy.
  - Konsève dlo a nan yon vesò ki pwòp epi ki fèmen.
- 3** Itilize dlo nan boutèy ki disponib nan komès yo, sitou pou fè melanj lèt atifisyèl pou tibebe yo.

### Apre Inondasyon

Eskane QR kòd ki anba a pou aprann kijan pou teste dlo pui ou a oswa ale [FloridaHealth.gov/environmental-health/private-well-testing/index.html](http://FloridaHealth.gov/environmental-health/private-well-testing/index.html).



### Chèche Konn si Dlo ou a Pwòp

Eskane QR kòd la pou fè yon laboratwa ki kalifye nan kesyon bakteri kolifòm teste li pou ou oswa ale sou [FloridaDEP.gov/DEAR/Florida-DEP-laboratory/content/helap-certified-laboratory-search](http://FloridaDEP.gov/DEAR/Florida-DEP-laboratory/content/helap-certified-laboratory-search).



**Florida**  
**HEALTH**